

**INFERENSI SAJRONE TINDAK TUTUR ILOKUSI ATUR PUJI PANGALEMBANA  
ING DHUSUN BABADAN, DESA TENGGERLOR, KECAMATAN KUNJANG, KABUPATEN KEDIRI**

**ASYITAH ALMUFIDAH**

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[asyitahalmufidah@mhs.unesa.ac.id](mailto:asyitahalmufidah@mhs.unesa.ac.id)

**Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si.**

Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**ABSTRAK**

Inferensi kalebu salah siji jinise topik saka semantik pragmatis sajrone tindak tutur. Inferensi ing panganggone basa Jawa wis tau diteliti nanging sing njlentrehake ngenani urutanane proses, lan asile inferensi durung tau ana. Inferensi upamane sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Tujuwan utama panliten iki kanggo ngandharake lan njlentrehake inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Tujuwan mligi panliten iki kanggo ngandharake lan njlentrehake urutanane proses, lan asile inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Paedah teoretis panliten iki bisa ngrembakake ilmu panganggone basa Jawa ing bidhang semantik pragmatis, dene paedah praktise bisa dadi salah sijine materi kanggo nyinaoni panganggone basa Jawa mligine bidhang semantik pragmatis ing perguruan tinggi.

Panliten iki nggunakake teori semantik pragmatis. Jinis panliten iki yaiku panliten etnografi. Dhata ing panliten iki yaiku tuturan sing ngandhut inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana. Sumber dhata panliten iki yaiku tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana. Dhata diklumpukake kanthi nggunakake metodhe semak, guneman/*libat cakap*, lan sadhap. Dhata dijlentrehake kanthi metodhe deskriptif. Inferensi diandharake kanthi landhesan konteks, struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Asile panliten disuguhake nggunakake metodhe informal. Saka urutanane proses, asile panliten iki ana 6 jinis inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kanthi rincian 2 jinis diperang adhedhasar ngolah, 2 jinis adhedhasar menebake, lan 2 jinis adhedhasar mantepake. Asile inferensi dedhuktif, bisa diolahake saka ngolah kanthi tematis, menebake kanthi general, lan mantepake kanthi similaritas. Dene asile inferensi indhuktif bisa diolahake saka ngolah kanthi topikal, menebake kanthi spesial, lan mantepake kanthi komparitas. Panliten iki beda karo panliten sadurunge kang ngandharake inferensi kanthi cara umum, dene panliten iki ngandharake kanthi mligi ngenani urutanane proses, lan asile inferensi. Inferensi bisa dumadi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Panliten iki nemokake proposisi ngenani inferensi lan tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing ilmu semantik pragmatis. Diprayogakake panliten sabanjure bisa nliti bab kasebut.

**Tembung-tembung wigati:** inferensi, tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana, urutanane proses inferensi, asile inferensi.

**BAB I**

**PURWAKA**

Bageyan purwaka iki diprinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

**LANDHESANE PANLITEN**

Inferensi wis tau diteliti nanging sing njlentrehake urutanane proses, lan asile inferensi durung tau ana. Inferensi upamane sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Para pamarсуди basa Jawa durung ana sing kesengsem nliti inferensi luwih jangkep. Teori inferensi ing Indonesia durung sepira ngrembaka, buktine isih sithik buku-buku sing

ngandharake ngenani inferensi kasebut. Buku-buku ngenani semantik pragmatis sing ngandharake inferensi uga durung nganti titikan lan pamerange sing luwih jangkep.

Inferensi sajrone tindak tutur ilokusi pangalembana durung umum dingerteni, nanging tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana wis kerep diprangguli ing bebrayan Jawa. Atur puji pangalembana kalebu tuladha utama tindak tutur sing mligi lan nuruti minat, pepenginan, kabutuhan, lan pacakan/samubarang sing diduweni. Nalika ana wong sing nduweni kaluwihan/kabecikan banjur diaturi puji pangalembana karo panutur. Puji pangalembana sing dituturake panutur marang mitratutur nuwuhake rasa sing nyenengake saengga bisa ngraketake paseduluran. Mitratutur ngalami proses inferensi kanggo ngerteni wose

tuturane panutur adhedhasar kawruh sing diduweni. Tuladhane ing dhata, panutur ngaturake puji pangalembana amarga mitratutur nduweni prestasi apik “Weh! Apik isa rangking siji. (Nyablek bahun mitratutur)” tuturan kasebut nuduhake yen panutur ngaturake puji pangalembana tumrap prestasi sing wis kagayuh dening mitratutur, amarga prestasine pancen apik, bisa ngolehake rangking siji. Panutur uga nyablek bahun mitratutur iki kalebu solah bawa sing nuduhake yen melu bungah. Sadurunge mitratutur menehi pananggap, mitratutur ngalami proses ndudut sing diarani inferensi. Proses inferensi sing dialami mitratutur gumantung marang kawruhe mitratutur nalika diaturi puji pangalembana. Kawruh kasebut banjur disambungake karo tuturane panutur, banjur disambungake karo kanyatan, saengga mitratutur bisa medharake apa sing dikarepake panutur. Sawise mitratutur ngalami proses inferensi, banjur mitratutur bisa menehi pananggap, “Yey! (Ngguyu karo kepok-kepok) Hla uabot eh, uangel.” ukara kasebut nuduhake yen mitratutur rumangsa lagi diaturi puji pangalembana amarga bisa rangking siji iki kalebu prestasi sing apik, uga nuduhake rasa mareme lumantar solah bawane yaiku ngguyu karo kepok-kepok, banjur nuduhake yen proses ngolehake prestasi kuwi abot lan angel.

Kahanan sing ditemoni ing bebrayan Jawa uga nuduhake menawa mitratutur ora ngerti yen lagi diaturi puji pangalembana. Tuladhane dhata ing ndhuwur nalika panutur ngaturake puji pangalembana marang pasuryane mitratutur sing ayu, “Ayune! Prawane sapa ta iki?” Sadurunge nangepi, mitratutur nindakake proses inferensi luwih dhisik, banjur bisa nangepi “Halah, biasa wae.” wangsulan kasebut nuduhake yen mitratutur rumangsa yen lagi diaturi puji pangalembana, nanging puji pangalembana kasebut kalebu biasa, amarga dheweke wis kerep dialembana sing kaya mangkono.

Mitratutur kudu paham konteks apa sing lagi dituturake dening panutur. Ana aspek sosial sing dadi lelandhesane yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosiale panutur lan mitratutur amarga antarane panutur lan mitratutur mesthi nduweni tujuwan lan cara sing beda. Konteks tuturan lan aspek sosial bisa nuwuhake asil inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana sing beda, tuladhane ing dhata kaya mangkene.

P : Sepedhamu kok apik, Zi?

MT : Hehe.

Konteks: MT dolanan neng ngarep omahe P. P weruh yen MT nganggo sepedha anyar.

Tuladha saka dhata, puji pangalembana dituturake panutur lan mitra tutur sing nduweni struktur sosial beda, P rumaja wadon sing status ekonomi sosial lan agamane

dhuwur, MT bocah lanang sing nduweni status ekonomi sedheng, lan agama sing dhuwur. Relasi sosiale kalebu tangga adoh sing arang srawung saengga pacaturane rada kaku, situasi sosiale uga neng ngarep omahe P sing kalebu panggonan umum uga ing wayah awan usume bocah dolanan. P ngaturake puji pangalembana tumrap sepedha sing diduweni MT amarga pancen P ngerti yen sepedha kuwi anyar. MT nindakake inferensi luwih dhisik adhedhasar aspek sosial, kawruh, lan kanyatan. MT rumangsa yen sepedhahe pancen anyar saengga isih katon apik. Banjur MT mangsuli mung kanthi ngguyu amarga isin marang P sing struktur sosiale beda.

Ing bebrayan Jawa durung ana sing nliti bab kuwi. Ana sing nliti, kanggone bebrayan Jepang, yaiku Mizutani (1987) lan Holmes (2003). Nanging panliten iki nggunakake tintingan sing rada beda, dhata sing ditliti yaiku inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana. Inferensi kalebu salah siji jinise topik saka semantik pragmatis sajrone tindak tutur. Adhedhasar andharan kasebut, teori semantik pragmatis sing digunakake kanggo njlimeti dhata. Cara nggunakake teori iki yaiku kanthi ndeleng urutan proses inferensi kanggo ngolehake asile inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana.

Panliten iki bakal ngandharake lan njlentrehake jinise inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kanthi landhesan struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Asile inferensi diolehake kanthi nyambungake urutan proses inferensi. Saengga bisa ditemokake asile inferensi sing ana loro, yaiku dedhuktif lan indhuktif.

Dhata kasebut sumbere saka pacaturan masyarakat saben dinane. Dene panggon panlitene ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri, dipilih amarga masyarakat ing dhaerah kasebut nduweni struktur sosial sing jangkep. Masyarakat kaperang dadi saperangan golongan, awit saka golongan wong sugih, wong mlarat, bocah, wong enom, wong tuwa, bocah, wong sing nduwe sesambungan paseduluran, kekancan, nganti tangga sing raket lan ora raket. Pawongan-pawongan kasebut nduweni cara sing beda anggone ngaturake puji pangalembana, mitra tutur uga nduweni inferensi utawa pananggap sing beda-beda. Saliyane iku, basa Jawa dadi basa sing luwih utama digunakake sajrone pacaturan saben dinane nduweni idiolek sing beda karo dhusun liyane. Yen dhata, sumber dhata, lan lokasi dhata kasebut digandheng, panliten iki ngenani “Inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri”.

## **PUNJER LAN UNDERANE PANLITEN**

Punjere panliten iki yaiku inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Adhedhasar punjere panliten kasebut, undere panliten iki ditetepake:

- (1) Kepriye urutane proses inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri?
- (2) Apa wae asile inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri?

#### **TUJUWANE PANLITEN**

Adhedhasar punjer lan undere panliten, tujuwane panliten ana ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake lan njlentrehake urutane proses inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri.
- (2) Ngandharake lan njlentrehake asile inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri.

#### **PAEDAHE PANLITEN**

Paedah sajrone panliten iki diperang dadi loro (2) yaiku paedah teoretis lan paedah praktis.

##### **Paedah Teoretis**

Asil panliten iki diajab bisa kanggo panyengkuyung ngrembakane ilmu panganggone basa Jawa mligine bidhang semantik lan pragmatik sing wis ana sadurunge. Ing bidhang pragmatik kanggo ngrembakakake teori ngenani inferensi lan tindak tutur, dene ing bidhang semantik kanggo ngrembakakake teori ngenani teges utawa makna.

##### **Paedah Praktis**

Asil panliten iki bisa dadi salah sijine materi kanggo nyinaoni panganggone basa mligine bidhang semantik pragmatis ing perguruan tinggi. Dene paedah tumrap masyarakat Dhusun Babadan dhewe bisa dadi dhokumentasi tulis sing arang ditindakake.

#### **WATESANE PANLITEN**

Panliten iki diwatesi telung(3) bab, yaiku (1) topik, (2) dhata lan sumber dhata, lan (3) carane njinggleng. Papat-papate diandharake ing ngisor iki:

- (1) adhedhasar topike panliten, panliten iki mung ngandharake inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri,
- (2) dhata panliten iki yaiku tuturan sing ngandhut inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana

sing digunakake ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri,

- (3) carane njinggleng, dhata sing wis nglumpuk dijlentrehake nggunakake teori semantik pragmatis mligine ngenani inferensi.

#### **PANJLENTREHE TETEMBUKAN**

Tetembungan wigati sing digunakake ing panliten iki diandharake ing ngisor iki.

##### **(1) Inferensi**

Inferensi yaiku proses mental sing dialami dening mitratutur kanggo ngerteni tujuan lan wose tuturane panutur adhedhasar kawruh sing diduweni. Inferensi ditindakake mitratutur kanggo ngerteni tujuan ilokusine panutur (Ibrahim, 1993:55).

##### **(2) Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana yaiku tumindak basa antarane panutur sing ngaturake puji pangalembana lan mitratutur sing nampa tuturan kasebut. Brown lan Levinson (sajrone Holmes, 2003:177) nuduhake yen atur puji pangalembana yaiku tuladha utama tindak tutur sing nggatekake lan ngatutake gegayuhan (*interest*), kekarepan (*wants*), kabutuhan (*needs*), lan pacakan (*goods*) mitratutur.

##### **(3) Urutane Proses Inferensi**

Urutane proses inferensi yaiku rerencan proses sing ditindakake supaya bisa ngolehake asile inferensi adhedhasar proses nalar.

##### **(4) Asile Inferensi**

Asile inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana didhapak kanthi nyambungake urutane proses inferensi saengga bisa diklompokake dadi rong asile inferensi yaiku dedhuktif lan indhuktif. Saka asile inferensi bisa didudut inferensi sing dikandhut.

## **BAB II**

### **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

Isine bab II iki ngandharake (1) panliten ngenani semantik pragmatis, (2) konsep-konsep ing panliten iki, lan (3) teori kang digunakake sajrone panliten iki. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

#### **Panliten ngenani Semantik Pragmatis**

Inferensi ing antarane presuposisi, lan implikatur kalebu salah siji jinise topik saka semantik pragmatis sajrone kesemestaan tindak tutur. Presuposisi munjer ing pangira-ira lan tujuwane panutur, implikatur munjer ing wujud lan isi, dene inferensi munjer ing urutane proses lan asile. Inferensi ing panganggone basa Jawa wis tau diteliti nanging panliten kasebut isih sethithik, apa maneh panliten ngenani inferensi sajrone tindak tutur. Para pamarsudi basa Jawa durung ana sing kesengsem ngliti inferensi luwih jangkep. Teori inferensi dhewe ing Indonesia durung sepira ngrembaka, buktine isih sethithik buku-buku sing



ngandharake ngenani inferensi kasebut. Buku-buku pragmatik apadene semantik sing ngandharake inferensi uga mung nganti cara umum, durung nganti tekan titikan lan pamerange sing luwih jangkep, upamane bukune Cummings (2007:105), lan Yule (2014:42).

Panliten ngenani inferensi wis tau katindakake. Ing bab wacana, Tuladhane kaya panliten kang ditindakake dening Utami (2012) kanthi judhul “Inferensi dalam Wacana Spanduk dan Baliho Bahasa Jawa di Yogyakarta” lan panliten kang ditindakake dening Ardani, (2017) kanthi judhul “Inferensine Pamaca Marang Rubrik ‘Nyekakak Sik, Aaaah’ Kalawarti Jaya Baya Edhisi 31 Minggu V Maret 2014”. Panliten kang ditindakake dening Utami (2012) ngandharake ngenani wujud tuturan, fungsi tuturan, lan jinise inferensi. Panliten kasebut ngandharake yen jinise inferensi yaiku langsung lan ora langsung. Panliten kang ditindakake dening Ardani, (2017) ngandharake yen panlitene ana telung puluh pamaca kang diteliti proses inferensine nalika negesi wacan rubrik “Nyekakak Sik, Aaaah”. Telung puluh pamaca kasebut yen diprinci ana 15 pamaca saka golongan winasis lan 15 pamaca saka golongan umum. Panliten kasebut ngandharake jinis wujud pola inferensi kang digunakake dening pamaca winasis lan pamaca umum sajrone ngerteni wose tuturan ing wacan rubrik, asil inferensi kang tuwuh saka jinis pola inferensi kang digunakake dening pamaca winasis lan pamaca umum, lan pambijine pamaca winasis lan pamaca umum tumrap wacan ing wacan rubrik.

Inferensi ana sambung rakete karo implikatur, dene panliten ngenani implikatur sing wis tau ditindakake, yaiku Rahmat (2016) skripsi Implikatur konvensional simbolik sajrone pamejangan kanthi isbat tumrap warga Perguruan Pamulangan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya iki bisa didudut adhedhasar konteks carane mejang lan wujud wejangane. Carane mejang gumantung karo apa sing diwejangake (isi) bisa diperang dadi sanga, yaiku (1) medhar, (2) mbeber, (3) ndunungake, (4) merdeni, (5) nulat, (6) nuladhani, (7) nyantrik, (8) mrentah, lan (9) nyritani. Wujud wejangan sing dianggo ing panliten iki yaiku awujud ukara isbat. Ukara isbat kasebut wujud nganggo basa sing lumrah, amarga saka basa lisan lan gumantung konteks panuture. Adhedhasar surasane wujud ukara isbate yaiku awujud (1) ukara pepindhan, (2) ukara pakon, lan (3) ukara crita. Dene wujud wejangan adhedhasar isine diperang dadi telu yaiku (1) sangkan parane dumadi, (2) dununge kawula-Gusti, lan (3) nglungguhi jagat gumelar.

Dene panliten ngenani presuposisi wis tau ditindakake Putri (2015) skripsi Analisis Presuposisi dalam Tuturan Mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia FKIP Unsyiah iki ngrembug presuposisi faktif, presuposisi non faktif, lan presuposisi konterfaktual. Presuposisi faktif dititiki kanthi anane

verba, adjektiva, frasa verbal, frasa nominal, frasa adjektival, lan frasa numeral. Presuposisi non faktif dititiki kanthi anane verba, nomina, adjektiva, adverbial, lan konjungsi. Dene presuposisi konterfaktual mung dititiki tembung panggandheng utawa konjungsi kang nuduhake *pengandaian*.

Panliten ngenani atur puji wis tau ditindakake panliti manca, yaiku Holmes (1986), Guo, Zhou lan Chow (2012), lan ing Indonesia yaiku Arimi (1998), Mukminatien lan Patriana (2005), lan Muhammad Ridha D.S (2009).

Holmes (1986) nlti ngenani pepujen lan respon pepujen ing New Zealand. Panliten iki munjer ing fungsi, tindak tutur, prinsip kesopanan, lan pambedane kabudayan sajrone pakulinan ngaturake puji. Panliten kasebut nggunakake dhata 500 tuturan pepujen kang dianalisis kanthi nggunakake teori sintaksis lan tetenger wujud leksikal pepujen lan fungsi saka kategori pepujen lan respon pepujen ing masyarakat New Zealand. Panliten iki uga nyangkutake anane sesambungan status sosial antarane panutur lan mitratutur sajrone ngaturake puji lan ngrespon pepujen. Dhata panliten diklumpukake saka murid ing New Zealand. Panutur umume wong pakeha diwasa ing New Zealand lan kang dadi punjer panliten yaiku pranatan sajrone nindakake atur puji. Holmes nggunakake metodhe kualitatif lan kuantitatif.

Guo, Zhou lan Chow (2012) nindakake panliten kanthi irah-irahan “A Variationist Study of Compliment Responses in Chinese”. Panliten iki munjer ing strategi ngrespon pepujen kang ditindakake saperangan golongan tutur ing Shanghai kanthi anane owah-owahan konsep kesopanan basa. Respon pepujen disangkutake karo variasi sosial wiwit saka jinis kelamin, umur, status sosial, pendhidhikan, kelas sosial, jarak sosial, lan anane panganggane basa Inggris.

Panliten ngenani atur puji ing Indonesia tau ditindakake Muhammad Ridha D.S (2009) sajrone tesise kanthi irah-irahan “Makian dan Pujian dalam Ragam ‘Amiyyah Mesir’”. Asil panliten nuduhake yen wujud pepujen ngupengi wujud tembung, frasa, klausa, lan ukara. Referensi pepujen arupa kategori kewan, gelar, lan sesebutan, samubarang mati, kahanane manungsa, profesi, paseduluran, aktivitas, etnik lan bangsa sarta bageyane awak, dene fungsi pepujen yaiku kanggo nuduhake rasa seneng, rasa gumun, rasa intim lan paseduluran, rasa sayang, rasa seneng, lan rasa pakurmatan.

Panliten ngenani respon pepujen ditindakake Mukminatien lan Ptrana (2005) kanthi irah-irahan “Respon Pujian dalam Bahasa Indonesia oleh Dwibahasawan Indonesia-Inggris” kang di amot sajrone jurnal Bahasa dan Seni taun 2005. Respon pepujen dwibahasawan Indonesia-Inggris wis nuduhake tandha-tandha bikultural. Respon pepujen kang dituturake wis nduweni variasi, ora amung

tipe nolak pepujen, nanging uga nampa pepujen kanthi jinis panyaru kang beda-beda. Dwibahasawan kasebut wis ora monokultural, ananging bikultural.

Adhedhasar panliten ngenani semantik pragmatis lan atur puji pangalembana kang wis ditindakake kasebut, panliten iki njangkepi panliten sing wis ana sadurunge, yaiku panliten iki luwih munjer marang inferensi sajrone tindak tutur ilokusi sing ngandhut atur puji pangalembana. Anggone njlentrehake dhata ora mung nggoleki asile inferensi, nanging bakal dijlentrehake uga kepriye urutanane proses inferensi. Rong dhasar kuwi nduweni sesambungan karo sumber, struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Panliten kang njlentrehake inferensi kanthi urutanane proses lan asile inferensi iki durung tau ana. Iki kalebu paliten anyar kang durung tau ditindakake.

### **Konsep-konsep ing Panliten Iki**

Konsep-konsep ing panliten iki diperang dadi papat, yaiku 1) Semantik Pragmatis, 2) Inferensi, 3) Tindak Tutur Ilokusi, 4) Tindak Tutur Ilokusi Pangakon/Ekspresif, 5) Atur Puji Pangalembana, 6) Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana, lan 7) Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana.

### **Semantik Pragmatis**

Sajrone teges kang amba, semantik bisa diperang dadi telung punjer babagan, yaiku 1) sintaksis(telaah ukara), 2) semantik(telaah proposisi), lan 3) pragmatik(telaah tindak linguistik) (Edwards sajrone Tarigan, 2009:14). Makna sajrone basa ora bisa kagayuh kanthi jero yen mung saka pamawas pragmatik, utawa mung saka pamawas semantik. Nanging, yen nggathukake semantik lan pragmatik bisa ngolehake asil kang maremake (Leech, 1993:10). Anane semantik minangka teori makna lan teori referensi iku uga katon, saliyané ana sesambungan karo babagan sintaktik, uga nduweni sesambungan karo babagan pragmatik. Makna lan bebener ing tataran sintaktik pungkasané uga disambungake karo tataran pragmatik kang tatarane nduweni sesambungan karo kanyatané urip, basa sajrone *komunikasi* sabendinan, sarta tindak tutur antarane manungsa (Aminuddin, 2015:150). Semantis pragmatis sajrone kesemestaan tindak tutur bisa diperang dadi telu yaiku presuposisi, inferensi, lan implikatur. Telung topik kuwi nduweni sesambungan kang njalari proses tindak tutur bisa kasil.

### **Inferensi**

Inferensi ing semantis pragmatis, mujudake panampene mitratatur marang apa kang dituturake panutur. Mitratatur dadi punjer amarga ngalami proses mikir apa kang dadi maksud lan kekarepane panutur, saengga ngasilake dudutan saka tuturane panutur. Sadurunge ngerteni maksud lan tujuwan panutur, mitratatur kudu nduweni kawruh luwih dhisik. Nalika nindakake inferensi mau, mitratatur bisa wae kleru, yen kaya mangkono mula kudu nindakake inferensi maneh. Inferensi uga nduweni sesambungan karo implikatur.

Proses kang bisa digunakake mitratatur kanggo nemokake implikatur-implikatur saka tuturane panutur kang digandhengake karo konteks diarani proses inferensi (Cummings, 2007:105).

Miturut Moeliono sajrone Mulyana (2005:19), inferensi yaiku proses *mental* mitratatur utawa pamaca sajrone mahami teges kang kanthi *harfiah*, ora katon ing tuturan kang diandharake panutur utawa panulis. Miturut Gumperz sajrone Rani dkk. (2006:183) inferensi minangka proses negesi kang ditemtokake dening kahanan lan konteks pacaturan. Nalika pacaturan kanthi *lisan* utawa tulisan ana sawijine unsur kang ora dikatonake dening panutur utawa panulis, saengga mitratatur utawa pamaca kudu njupuk dudutan dhewe. Proses njupuk dudutan saka tuturan panutur utawa panulis iki kang diarani inferensi. Nalika nindakake inferensi ana aspek kang dadi lelandhesane yaiku solah bawa, sosiokultural lan status sosial panutur lan mitratatur. Aspek-aspek kasebut nduweni perbawa marang kalaksanane inferensi.

### **Tindak Tutur Ilokusi**

Tindak tutur ilokusi kalebu tumindak nggunakake basa kang ngandut maksud panutur, kang bisa dititiki adhedhasar wedharan panutur kanthi eksplisit amrih ana pakaryan saka mitratatur nanging nduweni wujud implisit, Austin (sajrone Nababan, 1992:31). Paedahe basa kang utama yaiku kanggo cecaturan lan tumindak. Babagan paling cilik sajrone pacaturan iku dudu ukara, nanging performansi tumindak tartamtu kang uga kalebu ing wedharan, Grice (sajrone Wijana, 1996:37). Dene Austin (ing Cahyono, 1995:223) ngandharake yen basa iku kalebu ing tumindak. Tindak tutur kalebu ing unsur tumindake basa. Dene, tumindak basa dhewe uga kalebu ing tumindak sosial. Nalika nindakake tumindak basa, panutur lan mitratatur kudu sadhar menawa ana struktur sosial kang nata tumindak basa, interpretasi lan cecaturane tumrap mitratatur(Wijana,1996:46). Semono uga, Ibrahim (1993:249) ngandharake menawa tindak tutur kuwi luwih cedhak ing tumindake tinimbang cecaturane. Cethane, tindak tutur dumadi saka caturan kang wujudé tumindak. Adhedhasar andharan kasebut, tindak tutur ngemu teges tumindak verbal lan non verbal kang digunakake kanggo medharake tumindak basa.

Paedah tindak tutur ilokusi dibage dadi lima, Searle (sajrone Gunarwan, 1994:85), yaiku tindak tutur ilokusi 1) representatif utawa asertif(assertive), 2) direktif(directives), 3) komisif(commissives), 4) pangakon/ekspresif, lan 5) Tindak tutur ilokusi deklarasi (declaration). Dene sajrone panliten iki luwih nengenake tindak tutur ilokusi kang kalebu tuturan pangakon/ekspresif. Tuturan pangakon/ekspresif kalebu tindak tutur kang nduweni guna kanggo nuduhake sikap psikologise panutur tumrap kahanan kang sinirat. Kaya ta atur puji, njaluk pangapura, atur pambagyaharja, atur panyaru, atur bela sungkawa, sambat, njaluk palilah, lan atur panuwun. Tindak tutur iki luwih nyenengake, amarga ditujokake kanthi kesantunan positip.

### **Tindak Tutur Ilokusi Pangakon/Ekspresif**



Pangakon, tegese proses tumindak, utawa bab ngakoni, (Sudaryanto, 1991:7). Dene ing basa Indonesia tegese padha karo 'pengakuan'. Tindak tutur ilokusi pangakon/ekspresif yaiku bageyan saka tindak tutur ilokusi adhedhasar gunane kang bisa dijejerake karo tindak tutur sing nduweni tujuwan becik, utawa nyenengake, lan pangakon. Telung peranan kuwi nduweni dhasar saka tumindake, tujuwan sosial lan sipat komunikasi. Sanadyan kaya mangkono antarane tindak tutur ilokusi pangakon/ekspresif karo behabitif, nyenengake, lan acknowledgment nduweni peranan sipat kang padha. Mula saka iku titikan tindak tutur behabitif, nyenengake, lan acknowledgment bisa nyampurnakake titikan tindak tutur ilokusi pangakon/ekspresif.

Tindak tutur ilokusi pangakon/ekspresif yaiku salah siji pamerange tindak tutur ilokusi sing gunane kanggo medharake solah bawa lan pangrasane panutur tumrap kadadeyan kang sinirat ing ilokusi, Searle (sajrone Rahyono, 2012:216). Wedharan sikap pangrasane panutur ora tuwuh tanpa sebab nanging ana sing njalari. Wedharan sikap pangrasa utawa pangakon/ekspresi kuwi minangka wujud tanggapan tumrap kadadeyan tartamtu. Chaer (2010:30) nduweni panemu beda yen tindak tutur ilokusi pangakon/ekspresif iku tindak tutur sing ditindakake kanthi maksud supaya tuturane ditegesi minangka evaluasi ngenani bab sing disebutake sajrone tuturan. Saka panemu kuwi bisa ditengeri yen tindak tutur ilokusi pangakon/ekspresif minangka pananggap saka kadadeyan sing dirasakake lan ditampa ngenani samubarang. Dene sing kalebu jinise tindak tutur ilokusi pangakon/ekspresif yaiku atur puji pangalembana, atur panuwun, atur pambagyaharja, atur panyaru, njaluk palilah, nyalahake, atur bela sungkawa, lan njaluk pangapura.

### **Atur Puji Pangalembana**

Atur puji pangalembana dumadi saka satembung 'atur' lan gatra 'puji pangalembana'. Atur tegese unjuk apa kang dikandhakake. Dene puji pangalembana, kalebu tembung saroja kang dumadi saka rong tembung sing padha utawa meh padha tegese banjur digawe bebarengan, yaiku puji lan pangalembana. Puji tegese 'pangalem', 'dipepuji', 'diaji-aji'. Dene tembung 'pangalembana', saka tembung 'alem', 'alembana' tegese padha karo 'dialemb' yaiku disebut kabecikane/kaluwihane, dene pangalembana ateges pujian tumrap wong amarga kaluwihane, laras karo andharane Sudaryanto lan Pranowo (2001:17). Ing antarane pamerange tindak tutur ilokusi pangakon/ekspresif, atur puji pangalembana kaya ta atur panuwun kang lumrahe nggunakake pamilihan tembung 'atur' sajrone 'matur nuwun' iki bisa ngemu teges ngoko lan bisa uga krama, tegese 'atur' bisa fleksibel lan digunakake kanggo sapa wae.

Atur puji pangalembana kalebu tindak tutur kang kanthi cara langsung utawa ora langsung menehi penghargaan marang mitratutur, lumrahe amarga kaluwihan kang diduweni mitratutur utawa objek liya kang dadi punjer pacaturan, tuladhane: nduweni kawasisan, kapribaden, kaprigelan, lan liya-liyane. Panutur ngaturake puji pangalembana marang mitratutur kanthi tujuwan positip yaiku menehi penghargaan, ora ana tujuwan negatip kaya ta nyemoni lan liya-liyane. Pangalembana iki

ngemot ancas solah bawa lan surasane panutur utawa mitratutur kang positip, yaiku nyenengake mitratutur kanthi kesantunan positip.

Brown lan Levinson (sajrone Holmes, 2003:177) njlentrehake puji pangalembana kalebu tuladha utama tindak tutur kang njlimeti lan nuruti minat(interest), pepenginan(wants), kabutuhan(needs), lan pacakan(goods) mitratutur. Brown lan Levinson uga nyebutake yen pangalembana yaiku arupa strategi sesolah kang positif. Pangalembana bisa diperang dadi papat adhedhasar isine, yaiku pangalembana ngenani solah bawane wong (appearance compliment), pangalembana ngenani prestasine wong (achievement compliment), pangalembana ngenani samubarang kang diduweni wong (possessions compliment), lan pangalembana ngenani kapribadene wong (personality compliment). Pamerangan kasebut adhedhasar asile panliten kang ditindakake dening ahli linguistik yaiku Holmes (2003:187).

### **Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ora uwal saka rong babagan, yaiku panutur lan mitratutur. Panutur nindakake atur puji pangalembana kanthi pitung cara, yaiku nandhingake, mbanyol, mawa tembung panguwuh, ukara pitakon, ngapresiasi, nggunggung, lan tetembungan kang ngemu teges entar. Mitratutur menehi respon kanthi enem cara, yaiku nampik, nylewarake, nampa, mbanyol, mawa ukara pitakon, ngucapake atur panuwun, lan ora katmpa uga ora katampik. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana adhedhasar tujuwane panutur bisa dibagi dadi lima, yaiku mbombong, pamrih, aweh pamrayoga, aweh panyengkuyung, lan ngurmati. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana adhedhasar strategi nyuguhake bisa dibagi dadi woluh, yaiku blaka langsung tumrap kahanan, blaka langsung tumrap tumindak, blaka ora langsung tumrap kahanan, blaka ora langsung tumrap tumindak, samudana langsung tumrap kahanan, samudana langsung tumrap tumindak, samudana ora langsung tumrap kahanan, lan samudana ora langsung tumrap tumindak. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana adhedhasar isine bisa dibagi dadi woluh yaiku, gegayuhan, kekarepan, pacakan, kabutuhan, solahbawa, prestasi, kapribaden, lan samubarang kang diduweni.

### **Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Konsep inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana, diperang dadi telu(3) yaiku teges, titikan, lan jinis.

#### **1. Tegese Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana yaiku proses mental kang ditindakake dening mitratutur supaya ngerti tujuwan tuturane panutur. Mitratutur ndudut inferensi saka tuturane panutur kang ngandhut puji pangalembana adhedhasar kawruh kang wis dinduweni banjur disambungake karo kawruh anyar. Tuturan puji pangalembana kasebut nduweni tujuwan tartamtu. Tujuwane yaiku kanggo ngurmati lan menehi

puji pangalembana marang mitra tutur utawa wong liya. Inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana dumadi saka satembung yaiku inferensi, lan rong gatra yaiku tindak tutur ilokusi lan atur puji pangalembana, kang kabeh iku kudu dingerteni supaya bisa ngerti tegese (Levinson, 1991:23).

## **2. Titikane Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Titikane inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana yaiku anane ukara pangakon sajrone andharane panutur. Saliyane kuwi uga ana tembung kang nduduhake panampane utawa pasarujukan mitratutur sajrone ukara. Sajrone tuturane panutur ngandhut fakta, lan anane makna kang pesthi sajrone tuturan. Titikan liyane saka inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana, yaiku:

- a. Anane salah sawijne konteks kang dadi underan, tegese ana konteks kang dirembug kang njalari anane atur puji pangalembana.
- b. Tuturane positif, tegese tuturan kang kalebu ekspresif kuwi mesthi nduweni maksud utawa tujuan kang apik.
- c. Nyebutake kaluwihane samubarang, tegese anggone panutur kuwi ngaturake pangalembana mesthi ndeleng kaluwihan saka samubarang kang dimaksud.
- d. Anane pamrayoga utawa alesan kang apa anane, tegese panutur nalika ngaturake puji pangalembana mesthi nduweni alesan lan pamrayoga kang nggatekake kahanan sanyatane.
- e. Nggawe wong kang dialembana rumangsa seneng lan nduweni motivasi, tegese sawise panutur kuwi ngaturake puji pangalembana, mitratutur mesthi bakal ngrasa seneng lan bisa wae dheweke nduweni motivasi kanggo tetep nduweni kaluwihan iku mau.
- f. Anane rasa seneng, tegese anane rasa seneng kang dirasakake dening panutur, mitratutur utawa wong kang dialembana, amarga pangalembana mau didhasari saka kaluwihan kang nyata lan diduweni mitratutur utawa wong kang dipuji mau.

## **3. Jinise Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Jinise inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ana loro yaiku adhedhasar urutan proses lan asile inferensi.

### **a. Urutane Proses Inferensi**

Proses kang bisa digunakake mitratutur kanggo nemokake implikatur-implikatur saka tuturane panutur kang digandhengake karo konteks diarani proses inferensi (Cummings, 2007:105). Proses inferensi yaiku kepriye cara kang ditindakake mitratutur supaya bisa ngolehake inferensi adhedhasar proses nalar. Urutane proses inferensi

disambungake karo isi lan wujud tuturan sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana. Miturut proses kognisi, urutan proses inferensi bisa dibagi dadi telu, yaiku kanthi cara ngolah, menebake, lan mantebake. Proses inferensi adhedhasar proses nalar/kognisi dirembug sajrone psikologi kognitif. Babagan utama kang wigati sajrone psikologi kognitif yaiku kepriye carane manungsa ngolehake, ngira-ira, ngolah, menebake, ngetokake, lan nggunakake kawruhe, (Indah, 2008:5). Psikologi kognitif ngrembug persepsi/panampa lan dudutan tumrap pawarta/kabar/katrangan banjur diolah supaya paham, ngrembug urutan proses mikir, lan ngrembug formulasi lan produksi saengga bisa menehi pananggap. Psikologi kognitif yaiku kawruh sing mligi ngrembug pola/proses mikir manungsa, Robert L. Solso (2008:2).

Proses ndudut pawarta/kabar/katrangan disambungake karo reroncane pengalaman saka kadadeyan kang dumadi miturut urutan wektu. Kognisi bisa dipahami lan dianalisis nggunakake reroncane proses kang urut. Sajrone urutan proses, bisa dumadi kekhasan proses ngenani pawarta/kabar/katrangan kang diolehake. Respon sing dituwuhake mujudake asil saka reroncane proses. Saben perangan saka proses ndudut/inferensi saka urutan proses sadurunge lan nindakake gunane kang mligi/seje tegese saka proses siji nganti pungkasan nduweni tataran lan sesambungan kang rumaket, laras karo andharane Robert L. Solso (2008:14).

Pawarta/kabar/katrangan ing kene mujudake tuturan kang ngemot puji pangalembana saka panutur. Mitratutur ngalami proses kognisi/nalar yaiku ndudut kanthi nindakake urutan proses inferensi. Urutane proses inferensi adhedhasar proses kognisi bisa dirumusake dadi telu, yaiku proses ngolah, menebake, lan mantepake. Katelune nduweni sesambungan raket, saengga kudu diurutake lan ora bisa dipisahake utawa diilangi salahsiji. Andharan luwih jangkepe ing ngisor iki.

### **1) Proses Ngolah Inferensi**

Tembung ngolah asale saka tembung olah miturut bausastra tegese nggarap, nggegulang. Diolah tegese ditandangi, digarap (Sudaryanto, 2001). Proses ngolah inferensi kalebu urutan proses kaping pisan sing ditindakake supaya mitratutur bisa ngolehake inferensi utawa dudutan saka tuturane panutur sing bakale dimenebake. Proses ngolah inferensi bisa dibagi dadi loro, yaiku tematis, lan topikal. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

### **a) Proses Ngolah Inferensi kanthi Tematis**

Tembung tematis tegese aspek struktur ukara sing nyambungake ukara karo kontekse (KBBI). Tegese pokok saka pamikiran, dadi luwih umum, kontekse luwih amba. Tematis bisa diarani munjer. Proses ngolah inferensi



kanthi tematis, yaiku proses ngolah inferensi kanthi landhesan topik sing luwih umum.

#### **b) Proses Ngolah Inferensi kanthi Topikal**

Tembung topikal tegese pokok, dadi luwih mligi, kontekse luwih khusus. Topikal bisa diarani ngajayer. Proses ngolah inferensi kanthi topikal, yaiku proses ngolah inferensi kanthi landhesan topik sing luwih mligi.

### **2) Proses Menebake Inferensi**

Tembung menebake asale saka tembung meneb, miturut bausastra tegese endheg-endheg wis padha ana ing dhasar (Sudaryanto:2001). Menebake inferensi kalebu urutan proses sing kaping pindho. Urutane proses inferensi kanthi menebake dilakoni supaya mitratatur bisa ngolehake inferensi utawa dudutan saka tuturane panutur sing bakale dimantepake. Proses menebake inferensi adhedhasar isine bisa dibagi dadi loro, yaiku general, lan spesial. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

#### **a) Proses Menebake Inferensi kanthi General**

Tembung general tegese umum. Proses menebake inferensi kanthi general yaiku nyimpen dudutan sing umum saka isine pacaturan. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana didudut lan dimenebake kanthi general amarga panutur ngaturake puji pangalembana sing nduweni isi umum. Saengga mitratatur bisa menebake ing golongan general lan sawayah-wayah upamane nalika diaturi puji pangalembana sing kaya mangkono mitratatur ngerti kudu mangsuli kepriye, kanyatan iki disimpen sajrone memori pamikiranane.

#### **b) Proses Menebake Inferensi kanthi Spesial**

Tembung spesial tegese khusus. Proses menebake inferensi kanthi spesial yaiku nyimpen dudutan sing khusus saka isine pacaturan. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana didudut lan dimenebake kanthi spesial amarga panutur ngaturake puji pangalembana sing nduweni isi mligi. Saengga mitratatur bisa menebake kanthi spesial lan sawayah-wayah upamane nalika diaturi puji pangalembana sing kaya mangkono mitratatur ngerti kudu mangsuli kepriye, kanyatan iki disimpen sajrone memori pamikiranane.

### **3) Proses Mantepake Inferensi**

Tembung mantepake asale saka tembung mantep, miturut bausastra tegese wis tetep tenanan ora bakal owah (Sudaryanto:2001). Proses mantepake inferensi ana loro, yaiku similaritas lan komparitas. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

#### **a) Proses Mantepake Inferensi kanthi Similaritas**

Proses mantepake inferensi kanthi similaritas yaiku ngumpulake babagan sing saemper, padha, utawa meh padha. Similaritas ateges madhakake, tegese pangalembana kasebut kalebu wis umum diweruhi mitratatur. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana sing dituturake panutur nduweni tatacara nyuguhake sing umum lan wis biasa diweruhi dening mitratatur, iki kalebu

kawruh lawas. Saengga mitratatur bisa mantepake kanthi similaritas. Mantepake kanthi similaritas yaiku madhakake karo liyane, tuladhane tembung 'apik' kalebu umum lan kurang spesial. Tegese, tuturan puji pangalembanane panutur tumrap kaluwihan sing diduweni mitratatur kalebu biasa, saengga mitratatur uga nduweni pananggap sing biasa.

#### **b) Proses Mantepake Inferensi kanthi Komparitas**

Mantepake adhedhasar komparitas yaiku kanthi ngumpulake babagan sing beda. Komparitas ateges mbedakake, tegese atur puji pangalembana kasebut kalebu mligi lan durung tau diweruhi mitratatur. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana sing dituturake panutur nduweni tatacara nyuguhake sing mligi lan durung tau diweruhi dening mitratatur, iki kalebu kawruh anyar. Saengga mitratatur bisa mantepake kanthi komparitas.

### **b. Asile Inferensi**

Asile inferensi bisa diolehake amarga anane urutan proses inferensi(mikir utawa nalar). Adhedhasar urutan proses inferensi kasebut, asile inferensi diperang dadi loro yaiku: (1) Inferensi dedhuktif nduweni sesambungan karo makna semantik. Dedhuktif minangka proses tartamtu sajrone ndudut saka andharan kang khusus utawa jembar menyang andharan kang umum utawa luwih ciyut maneh. (2) Indhuktif yaiku sawijine proses mikir sing nuwuhake dudutan (inferensi) adhedhasar siji utawa pirang-pirang fenomena indhividhual. Indhuktif utawa logika indhuktif yaiku ndudut dudutan saka kasus-kasus individual nyata (mligi) dadi dudutan kang asipat umum. Asile inferensi dedhuktif bisa diolehake adhedhasar urutan proses inferensi ngolah kanthi tematis, menebake kanthi general, lan mantepake kanthi similaritas. Dene asile inferensi indhuktif bisa diolehake adhedhasar urutan proses inferensi ngolah kanthi topikal, menebake kanthi spesial, lan mantepake kanthi komparitas.

### **Teori kanggo Panliten iki**

Teori kang digunakake minangka landhesan ing panliten iki yaiku teori semantik pragmatik. ngenani inferensi kang diandharake Leech (1993). Adhedhasar psikologi kognitif, asile inferensi bisa diolehake kanthi urutan proses inferensi kang bener lan jangkep.

## **BAB III METODHE PANLITEN**

Bab III iki ngemot ancangan kang digawe dhasar panliten. Dene bab iki isine yaiku (1) titikane panliten, (2) ubarampene panliten, lan (3) tatacarane panliten.

### **Titikane Panliten**

Ing subbab iki diandharake ngenani titikane panliten. Titikan kuwi kaperang dadi loro(2) yaiku: (1) jinise panliten, lan (2) sipate panliten.

### **Jinise Panliten**



Panliten ngenani inferensi ing tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kalebu jinis panliten etnografis. Panliten iki bakale njlentrehake pola-pola lan tatacara inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kang disambungake karo konteks yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial.

#### **Sipate Panliten**

Jinise panliten etnografi nduweni sipat-sipat kang mligi kang ditengenake sajrone jinis panliten etnografi yaiku nalika panliti nglumpukake dhata, (Titscher, 2009: 152). Panliten etnografis munjerake konteks kanggo njlentrehake dhata. Panliten iki uga asipat dheskriptif yaiku ngandharake basa kanthi wujud tuturan.

#### **Ubarampene Panliten**

Ing subbab iki diandharake ngenani ubarampene panliten. Ubarampene panliten iki ana papat, yaiku (1) dhata, (2) sumber dhata, (3) instrumen, lan (4) lokasi. Andharane luwih cetha kaya ing ngisor iki.

#### **Dhata Panliten**

Dhata sajrone panliten tindak tutur yaiku dhata primer amarga awujud lesan, dudu dhata sekundher sing awujud tulisan. Dhata minangka objek sajrone panliten iki arupa tuturane panutur lan mitratutur kang ngandhut inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kang wis kasil kacathet sawise nyemak pacaturan ing Dusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri.

#### **Sumber Dhata Panliten**

Sumbere dhata ing panliten iki asale saka cathetan-cathetan ngenani inferensi ing tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri.

#### **Instrumen Panliten**

Instrumen ing panliten iki diperang dadi rong jinis, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten iki yaiku panliti lan subjek panliten yaiku warga kang nindakake inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud alat utawa piranti kang bisa nyengkuyung nglumpukake dhata.

#### **Lokasi Panliten**

Lokasi panliten iki dipilih ing Dusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Masyarakat Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri dumadi saka struktur sosial, relasi sosial, lan situasi sosial kang maneka warna.

#### **Tatacarane Panliten**

Tatacarane panliten iki diperang dadi telu yaiku (1) tatacarane nglumpukake dhata, (2) tatacarane

njlentrehake dhata, lan (3) tatacarane nyuguhake asil panliten.

#### **Tatacarane Nglumpukake Dhata**

Tatacara kang dianggo nglumpukake dhata panliten yaiku nggunakake metodhe semak, lan metodhe guneman, (Sudaryanto, 1986:2-9). Metodhe nyemak bisa dileksanakake kanthi limang teknik yaiku teknik sadap, teknik simak libat cakap, teknik simak bebas libat cakap, teknik rekam, lan teknik cathet.

#### **Tatacarane Njlentrehake Dhata**

Sawise dhata kang dikarepake wis nglumpuk, banjur dhata kuwi diolah kanthi metodhe dheskriptif. Metodhe dheskriptif yaiku njlentrehake dhata awujud andharan lan gegambaran adhedhasar hakekate dhata iku dhewe, sawise iku banjur didheskripsikake utawa dijlentrehake urutane proses inferensine lan asile inferensi. Dhata ing panliten iki awujud ukara kang ngandhut inferensi ing tindak tutur. Saben dhata didheskripsikake adhedhasar peranan sing wis katemtokake.

#### **Tatacarane Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata**

Dhata ing panliten iki dijlentrehake kanthi metodhe informal yaiku menehake andharan dhata kanthi nggunakake tembung-tembung sing lumrah, dudu awujud tandha, lan rumus. Dhasar kang digunakake yaiku urutane proses inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana, lan asile inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana. Dhata kang wis digolongake banjur disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan konteks. Teks arupa wedharan inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana yaiku tumindak pacaturan antarane panutur lan mitratutur. Dene konteks sosial kang dijlentrehake kuwi ngenani isi lan wujud tuturan kang disambungake karo struktur sosial, relasi sosial, lan situasi sosial.

### **BAB IV**

#### **JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN**

Andharan ing bab IV iki diperang dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehan dhata, (2) asile panliten, lan (3) dhiskusi asile panliten. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

#### **Andharan lan Jlentrehane Dhata**

Subbab andharan lan jlentrehane dhata iki diprinci dadi loro, yaiku ngenani urutane proses inferensi, lan asile inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kasebut. Diaturi puji pangalembana yaiku dialem, disebut kabecikane/kaluwihane. Asile inferensi ing kene yaiku awujud inferensi dedhukatif lan indhukatif sing didudut adhedhasar urutane proses inferensi.

#### **Urutane Proses Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri bisa diweruhi kanthi cara ngerteni urutan proses inferensi. Urutane proses inferensi ditindakake kanthi runtut supaya bisa ngolehake asile inferensi adhedhasar proses nalar. Urutane proses inferensi bisa dibagi dadi telu, yaiku ngolah, menebake, lan mantepake. Katelune nduweni sesambungan raket, saengga kudu diurutake lan ora bisa dipisahake utawa diilangi salahsiji. Andharan luwih jangkepe ing ngisor iki.

### **1. Proses Ngolah Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Tembung ngolah asale saka tembung olah miturut bausastra tegese nggarap, nggegulang. Diolah tegese ditandangi, digarap (Sudaryanto, 2001). Proses ngolah inferensi kalebu urutan proses kaping pisan sing ditindakake supaya mitratatur bisa ngolehake inferensi utawa dudutan saka tuturane panutur sing bakale dimenebake. Proses ngolah inferensi bisa dibagi dadi loro, yaiku tematis, lan topikal. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

#### **a. Proses Ngolah Inferensi kanthi Tematis sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Tembung tematis tegese aspek stuktur ukara sing nyambungake ukara karo kontekse (KBBI). Tegese pokok saka pamikiran, dadi luwih umum, kontekse luwih amba. Tematis bisa diarani munjer. Proses ngolah inferensi kanthi tematis, yaiku proses ngolah inferensi kanthi landhesan topik sing luwih umum.

Tuladhane, nalika panutur nuturake puji pangalembana kanthi ukara 'Hlah, iki bijimu, wolu, sanga. Apik tenan!' nduweni landhesan tema sing umum, diolah tegese bisa ngolehake biji wolu, sanga pancen kalebu apik nanging sandhuwure kuwi isih ana biji sing luwih apik yaiku sepuluh. Ukara 'Apik tenan' kalebu tema sing amba kanggo nuduhake puji pangalembana amarga kurang narik kawigatene mitratatur iki bisa dideleng saka wangsulane mitratatur. Mitratatur mangsuli kanthi ukara 'Iya apik e. (Mesem karo panggah nerusake sinau)' pancen tegese nyarujuki tuturane panutur, nanging mitratatur nduweni kekarepan sing luwih saka kuwi yaiku biji sing sampurna.

#### **b. Proses Ngolah Inferensi kanthi Topikal sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Tembung topikal tegese pokok, dadi luwih mligi, kontekse luwih khusus. Topikal bisa diarani nglajer. Proses ngolah inferensi kanthi topikal, yaiku proses ngolah inferensi kanthi landhesan topik sing luwih mligi.

Tuladhane, nalika panutur ngaturake puji pangalembana kanthi ukara 'Weh! Sangar tenan isa rangking siji. (Nyablek bahun MT)' nduweni landhesan topik sing mligi, gumathuke tetembungan 'weh', 'sangar' lan 'tenan' nyengkuyung topike yaiku 'isa rangking siji' kanthi cetha didudut tegese bisa ngolehake rangking siji kalebu prestasi sing hebat. Saliyane kuwi, panutur uga nindakake solahbawa kinetik yaiku kanthi nyablek bahun mitratatur iki dadi tandha yen panutur melu bungah. Ukara sing dipilih panutur kalebu spesifik kanggo ngaturake puji

pangalembana amarga nalika ngaturake puji pangalembana pancen kudu cetha lan nuduhake rasa bungah marang mitratatur saengga bisa narik kawigatene. Iki bisa dideleng saka wangsulane mitratatur. Mitratatur mangsuli kanthi ukara 'Yey! (Ngguyu karo kepok-kepok) Hla uabot eh, uangel.' mitratatur ngandharake yen proses ngolehake prestasi kuwi ora gampang, saengga dheweke bungah banget nalika diaturi puji pangalembana amarga bisa ngolehake prestasi kuwi.

### **2. Proses Menebake Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Tembung menebake asale saka tembung meneb, miturut bausastra tegese endheg-endheg wis padha ana ing dhasar (Sudaryanto:2001). Menebake inferensi kalebu urutan proses sing kaping pindho. Urutane proses inferensi kanthi menebake dilakoni supaya mitratatur bisa ngolehake inferensi utawa dudutan saka tuturane panutur sing bakale dimantepake. Proses menebake inferensi adhedhasar isine bisa dibagi dadi loro, yaiku general, lan spesial. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

#### **a. Proses Menebake Inferensi kanthi General sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Tembung general tegese umum. Proses menebake inferensi kanthi general yaiku nyimpen dudutan sing umum saka isine pacaturan. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana didudut lan dimenebake kanthi general amarga panutur ngaturake puji pangalembana sing nduweni isi umum. Saengga mitratatur bisa menebake ing golongan general lan sawayah-wayah upamane nalika diaturi puji pangalembana sing kaya mangkono mitratatur ngerti kudu mangsuli kepriye, kanyatan iki disimpen sajrone memori pamikirane.

#### **b. Proses Menebake Inferensi kanthi Spesial sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Tembung spesial tegese khusus. Proses menebake inferensi kanthi spesial yaiku nyimpen dudutan sing khusus saka isine pacaturan. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana didudut lan dimenebake kanthi spesial amarga panutur ngaturake puji pangalembana sing nduweni isi mligi. Saengga mitratatur bisa menebake kanthi spesial lan sawayah-wayah upamane nalika diaturi puji pangalembana sing kaya mangkono mitratatur ngerti kudu mangsuli kepriye, kanyatan iki disimpen sajrone memori pamikirane.

### **3. Proses Mantepake Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Tembung mantepake asale saka tembung mantep, miturut bausastra tegese wis tetep tenanan ora bakal owah (Sudaryanto:2001). Proses mantepake inferensi ana loro, yaiku similaritas lan komparitas. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

#### **a. Proses Mantepake Inferensi kanthi Similaritas sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Proses mantepake inferensi kanthi similaritas yaiku nglumpukake babagan sing saemper, padha, utawa



meh padha. Similaritas ateges madhakake, tegese pangalembana kasebut kalebu wis umum diweruhi mitratutur. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana sing dituturake panutur nduweni tatacara nyuguhake sing umum lan wis biasa diweruhi dening mitratutur, iki kalebu kawruh lawas. Saengga mitratutur bisa mantepake kanthi similaritas. Mantepake kanthi similaritas yaiku madhakake karo liyane, tuladhane tembung ‘apik’ kalebu umum lan kurang spesial. Tegese, tuturan puji pangalembanane panutur tumrap kaluwihan sing diduweni mitratutur kalebu biasa, saengga mitratutur uga nduweni pananggap sing biasa.

#### **b. Proses Mantepake Inferensi kanthi Komparitas sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Mantepake adhedhasar komparitas yaiku kanthi nglumpukake babagan sing beda. Komparitas ateges mbedakake, tegese atur puji pangalembana kasebut kalebu mligi lan durung tau diweruhi mitratutur. Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana sing dituturake panutur nduweni tatacara nyuguhake sing mligi lan durung tau diweruhi dening mitratutur, iki kalebu kawruh anyar. Saengga mitratutur bisa mantepake kanthi komparitas. Mantepake kanthi komparitas yaiku beda karo liyane, tuladhane tembung ‘sanggar’ kalebu mligi lan spesial. Tegese, tuturan puji pangalembanane panutur tumrap kaluwihan sing diduweni mitratutur kalebu kasil narik kawigatene mitratutur, saengga mitratutur uga nduweni pananggap sing mligi.

#### **Asile Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Asile inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana didhapuk kanthi ngurutake proses inferensine saengga bisa diklompokake dadi rong asile inferensi yaiku dedhuktif lan indhuktif. Saka asile inferensi bisa diweruhi inferensi sing kinandhut.

#### **1. Asile Inferensi Dedhuktif sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Inferensi dedhuktif kalebu proses tartamtu sajrone ndudut saka andharan sing khusus utawa jembar menyang andharan sing umum utawa luwih ciyut maneh. Asile inferensi dedhuktif bisa diweruhi kanthi ngurutake proses inferensi yaiku ngolah kanthi tematis, menebake kanthi general, lan mantepake kanthi similaritas. Luwih jangeke kaya mangkene.

(1) P : Hlah, iki bijimu, wolu, sanga. Apik tenan!  
(Nunggoni

sinau karo maca biji asil tes tryout saka Primagama)

MT : Iya apik e. (Mesem karo panggah nerusake sinau)

Konteks : P nggumun marang asil tes Primagamane MT oleh apik.

Dhata (1) iki kalebu asile inferensi dedhuktif, bisa diweruhi kanthi ngurutake prosese inferensi yaiku ngolah kanthi tematis, menebake kanthi general, lan mantepake kanthi similaritas. Andharan jangeke kaya mangkene.

Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana sing dituturake dening panutur kanthi jinis kelamin wedok, umur diwasa, status ekonomi sosial sedhengan, lan agama dhuwur. Mitratutur kanthi jinis kelamin wedok, umur rumaja, status ekonomi sosial sedhengan, lan agama dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi keluarga raket. Dumadine situasi sosiale yaiku neng kamare mitratutur sing kalebu panggonan mligi lan ing wayah bengi.

Tuturan mawa puji pangalembana ing ndhuwur diaturake panutur sawise ndelok asil tes *tryoute* mitratutur saka lembaga Primagama. Kedadeyan kuwi dumadi neng kamare mitratutur lan ditindakake dening mbakyu marang adhine. Nalika kuwi panutur mlebu kamare mitra tutur, panutur sengaja nunggoni mitratutur sing lagi sinau, banjur panutur maca surat tandha lulus tes sing digilethakake mitratutur neng mejane. Panutur ngaturake puji pangalembana marang mitratutur sing isine ngenani prestasine mitratutur lan kanthi tujuwan mbombong. Tatacara sing digunakake panutur yaiku blaka lan langsung. Tatacara blaka kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha ‘apik tenan’ tanpa ana abang-abang lambe. Saka tembung ‘hlah’ panutur nuduhake rasa bungahe, saka tembung ‘apik’ panutur nuduhake atur pujine kanthi pambiji arupa sipat sing becik, saka tembung ‘tenan’ P nandhesake puji pangalembanane. Panutur milih cara blaka awit nduweni keraketan ing sesambungan paseduluran. Pacaturan kasebut kalebu cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya. Pangalembana sing diaturake panutur katampa awit mitratutur sarujuk marang tuturane panutur.

Pananggape mitratutur dituduhake nalika nyarujuki puji pangalembana saka panutur mung kanthi wangsulan *standar* utawa mung mangsuli saanane wae langsung neng intine(pokok) guneman. Tegese, mitratutur nduweni pananggap yen asil tes kuwi kalebu perkara utawa prestasi sing biasa. Tuturan puji pangalembana kuwi ndadekake dheweke seneng nanging ora seneng banget, buktine saka wangsulane mitratutur sing nyarujuki nanging tetep fokus sinau, uga solah bawane mung mesem sawetara tanpa mandheng panutur. Mitratutur sadar yen Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kuwi minangka tuturan sing positip amarga prestasine wis dialembana dening panutur. Saliyane kuwi, pamilihan

tembung ‘apik’ sing dianggo panutur uga kalebu kawruh lawas sing wis kasimpen neng sistem memorine mitratutur, saengga kurang bisa narik

|    | Struktur Sosial |   |      |   |   |     |   |   |       |   | Relasi Sosial |   |        |   |       |   | Situasi Sosial |   |       |   |
|----|-----------------|---|------|---|---|-----|---|---|-------|---|---------------|---|--------|---|-------|---|----------------|---|-------|---|
|    | JK              |   | Umur |   |   | SES |   |   | Agama |   | Kl            |   | Tangga |   | Kanca |   | Papan          |   | Wayah |   |
|    | L               | W | B    | R | D | A   | S | D | A     | D | A             | R | A      | R | A     | R | U              | M | A     | B |
| P  |                 | √ |      |   | √ |     | √ |   |       | √ |               | √ |        |   |       |   |                | √ |       | √ |
| MT |                 | √ |      | √ |   |     | √ |   |       | √ |               | √ |        |   |       |   |                | √ |       | √ |

kawigatene mitratatur.

Tuturan mawa puji pangalembana ing ndhuwur diaturake panutur kanthi ukara ‘Hlah, iki bijimu, wolu, sanga. Apik tenan!’ nduweni landhesan tema sing umum, didudut tegese bisa ngolehake biji wolu, sanga pancen kalebu apik nanging sandhuwure kuwi isih ana biji sing luwih apik yaiku sepuluh. Ukara ‘Apik tenan’ kalebu tema sing isih amba kanggo ngaturake puji pangalembana amarga kurang narik kawigatene mitratatur iki bisa dideleng saka wangsulane mitratatur. Mitratatur mangsuli kanthi ukara ‘Iya apik e. (Mesem karo panggah nerusake sinau)’ pancen tegese nyarujuki tuturane panutur, nanging mitratatur nduweni kekarepan sing luwih saka kuwi yaiku biji sing sampurna.

Tuturan mawa puji pangalembana ing ndhuwur diaturake panutur kanthi ukara ‘Weh! Sangar tenan isa rangking siji. (Nyablek bahun MT)’ nduweni landhesan topik sing mligi, gumathuke tetembungan ‘weh’, ‘sangar’ lan ‘tenan’ nyengkuyung topike yaiku ‘isa rangking siji’ kanthi cetha didudut tegese bisa ngolehake rangking siji kalebu prestasi sing hebat. Saliyane kuwi, panutur uga nindakake solahbawa kinetik yaiku kanthi nyablek bahun mitratatur iki dadi tandha yen panutur melu seneng. Ukara sing dipilih panutur kalebu spesifik kanggo ngaturake puji pangalembana amarga nalika ngaturake puji pangalembana pancen kudu cetha lan nuduhake rasa bungah marang mitratatur saengga bisa narik kawigatene. Iki bisa dideleng saka wangsulane mitratatur. Mitratatur mangsuli kanthi ukara ‘Yey! (Ngguyu karo tepuk tangan) Hla uabot eh, uangel.’ mitratatur ngandharake yen proses ngolehake prestasi kuwi ora gampang, saengga dheweke bungah banget nalika diaturi puji pangalembana amarga bisa ngolehake prestasi kuwi.

Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kasebut didudut lan dimenebake kanthi general amarga panutur ngaturake puji pangalembana sing nduweni isi umum. Saengga mitratatur bisa menebake ing golongan general lan sawayah-wayah upamane nalika diaturi puji pangalembana sing kaya mangkono mitratatur ngerti kudu mangsuli kepriye, kanyatan iki disimpen sajrone memori pamikiranane.

Atur puji pangalembana sing dituturake panutur nduweni tatacara nyuguhake sing umum sing wis biasa diweruhi dening mitratatur, iki kalebu kawruh lawas. Saengga mitratatur bisa mantepake kanthi similaritas. Mantepake kanthi similaritas yaiku madhakake karo liyane, tembung ‘apik’ kalebu umum lan kurang spesial. Tegese tanggapane panutur marang asile tes neng lembaga primagama kuwi kalebu biasa, saengga mitratatur uga nduweni pananggap sing biasa.

## **2. Asile Inferensi Indhuktif ing Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana**

Inferensi indhuktif kalebu proses ndudut inferensi saka kasus-kasus individual nyata (mligi) dadi dudutan

sing asipat umum. Asile inferensi indhuktif bisa diweruhi kanthi ngurutake proses inferensi yaiku ngolah kanthi topikal, menebake kanthi spesial, lan mantepake kanthi komparitas. Luwih jangkepe kaya mangkene.

- (54) P : Weh! Sangar tenan isa rangking siji. (Nyablek bahun MT)  
MT : Yey! (Ngguyu karo tepuk tangan) Hla uabot eh, uangel.  
Konteks : P mbombong MT amarga bisa antuk rangking siji.

Dhata (54) nganti dhata-dhata sabanjure kalebu asile inferensi indhuktif bisa diweruhi kanthi urutane

|    | Struktur Sosial |   |      |   |     |   |       |   | Relasi Sosial |   |        |   | Situasi Sosial |   |       |   |
|----|-----------------|---|------|---|-----|---|-------|---|---------------|---|--------|---|----------------|---|-------|---|
|    | JK              |   | Umur |   | SES |   | Agama |   | Kl            |   | Tangga |   | Kanca          |   | Papan |   |
|    | L               | W | B    | R | D   | A | S     | D | A             | D | A      | R | A              | R | A     | M |
| P  |                 | √ |      |   | √   |   | √     |   | √             |   | √      |   |                |   | √     | √ |
| MT |                 | √ |      | √ |     | √ |       |   | √             | √ |        |   |                |   | √     | √ |

proses inferensi yaiku ngolah kanthi topikal, menebake kanthi spesial, lan mantepake kanthi komparitas. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana sing dituturake dening panutur kanthi jinis kelamin wedok, umur diwasa, status ekonomi sosial sedhengan, lan agama dhuwur. Mitratatur kanthi jinis kelamin wedok, umur rumaja, status ekonomi sosial sedhengan, lan agama dhuwur. Panutur lan mitratatur nduweni relasi keluarga raket. Dumadine situasi sosiale yaiku neng kamare mitratatur sing kalebu panggonan mligi lan ing wayah bengi.

Tuturan mawa puji pangalembana ing ndhuwur diaturake panutur sawise ndelok rapot asil biji semester ganjile mitratatur sing isih kelas 12 SMA. Kedadeyan kuwi dumadi neng kamare mitratatur lan ditindakake dening mbakyu marang adhine. Nalika kuwi panutur mlebu kamare mitra tutur, panutur sengaja nunggoni mitratatur sing lagi sinau, banjur panutur ngomong marang mitratatur yen pengin maca rapot asil semester ganjile mitratatur, mitratatur sing lagi sinau banjur leren sedhela lan njupukake rapote. Sabanjure panutur maca lan ngreti yen mitratatur ngolehake rangking siji, panutur ngaturake puji pangalembana. Panutur ngaturake puji pangalembana marang mitratatur sing isine ngenani prestasine mitratatur sing bisa ngolehake rangking siji lan kanthi tujuwan mbombong.

Tatacara sing digunakake panutur yaiku blaka lan langsung. Tatacara blaka kuwi dituduhake kanthi wujud tembung panandha ‘sangar tenan’ tanpa ana abang-abang lambe. Saka tembung ‘weh’ panutur nuduhake rasa erame, saka tembung ‘sangar’ panutur nuduhake atur pujine kanthi pambiji arupa sipat sing bisa njalari bungah sing mantep banget, saka tembung ‘tenan’ P nandhesake puji pangalembanane. Panutur milih cara blaka awit nduweni keraketan ing sesambungan paseduluran. Pacaturan kasebut kalebu cara langsung awit anggone medharake ora nggunakake sarana wong liya. Puji pangalembana sing



diaturake panutur katampa awit mitratutur sarujuk marang tuturane panutur.

Pananggape mitratutur dituduhake nalika nyarujuki puji pangalembana saka panutur kanthi bungah. mitratutur katon seneng banget iki dituduhake kanthi tembung ‘yey!’ sing nuduhake rasa senenge amarga bisa nggayuh pepenginan, uga solah bawa kinetike yaiku sanalika mitratutur sorak-sorak lan kepok-kepok, iki nuduhake rasa bungahe sing banget mantep samarine diaturi puji pangalembana amarga dheweke bisa nggayuh pepenginan ing babagan prestasi. Tegese, mitratutur nduweni pananggap yen asile bisa rangking siji kuwi kalebu perkara sing hebat, saka ukara ‘hla uabote, uangele.’ mitratutur ngandharake yen proses ngolehake prestasi kuwi ora gampang, saengga dheweke bungah banget nalika diaturi puji pangalembana amarga bisa ngolehake prestasi kuwi. Mitratutur sadar yen Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kuwi minangka tuturan sing positip amarga prestasine wis dilembana dening panutur, saengga mitratutur bisa nampa atur puji pangalembana kasebut. Saliyane kuwi, pamilihan tembung ‘sanggar’ sing dianggo panutur kalebu kawruh lawas sing wis kasimpen neng sistem memorine mitratutur, nanging ora lumrah kanggo ngaturake puji tumrap prestasi saengga bisa narik kawigatene mitratutur.

Tuturan mawa puji pangalembana ing ndhuwur diaturake panutur kanthi ukara ‘Weh! Sangar tenan isa rangking siji. (Nyablek bahun MT)’ nduweni landhesan topik sing mligi, gumathuke tetembungan ‘weh’, ‘sanggar’ lan ‘tenan’ nyengkuyung topike yaiku ‘isa rangking siji’ kanthi cetha didudut tegese bisa ngolehake rangking siji kalebu prestasi sing hebat. Saliyane kuwi, panutur uga nindakake solahbawa kinetik yaiku kanthi nyablek bahun mitratutur iki dadi tandha yen panutur melu bombong. Ukara sing dipilih panutur kalebu spesifik kanggo ngaturake puji pangalembana amarga nalika ngaturake puji pangalembana pancen kudu cetha lan nuduhake rasa bungah marang mitratutur saengga bisa narik kawigatene. Iki bisa dideleng saka wangsulane mitratutur. Mitratutur mangsuli kanthi ukara ‘Yey! (Ngguyu karo kepok-kepok) Hla uabot eh, uangel.’ mitratutur ngandharake yen proses ngolehake prestasi kuwi ora gampang, saengga dheweke bungah banget nalika diaturi puji pangalembana amarga bisa ngolehake prestasi kuwi.

Tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kasebut didudut lan dimenebake kanthi spesial amarga panutur ngaturake puji pangalembana sing nduweni isi mligi. Saengga mitratutur bisa menebake ing golongan spesial lan sawayah-wayah upamane nalika diaturi puji pangalembana sing kaya mangkono mitratutur ngerti kudu mangsuli kepriye, kanyatan iki disimpen sajrone memori pamikirane.


Atur puji pangalembana sing dituturake panutur nduweni tatacara nyuguhake sing mligi sing durung tau

diweruhi dening mitratutur, iki kalebu kawruh anyar. Saengga mitratutur bisa mantepake kanthi komparitas. Mantepake kanthi komparitas yaiku beda karo liyane, tembung ‘sanggar’ kalebu mligi lan spesial. Tegese tanggapane panutur marang asile mitratutur bisa ngolehake rangking siji kuwi kalebu kasil narik kawigatene mitratutur, saengga mitratutur uga nduweni pananggap sing mligi.

#### Asile Panliten

Sawise diandharake lan dijlentrehake sawenehe dhata ing panliten iki, mula ing perangan iki bakal diandharake asile panliten ngenani inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Kanggo nggampangake nggawe dudutan asil panliten mula andharan lan jlentrehan dhata ing ndhuwur diringkes awujud bagan ing ngisor iki.


**Bagan 4.1**  
**Carane Nggoleki lan Njlentrehake Inferensi**



Adhedhasar bagan ing ndhuwur, carane nggoleki inferensi bisa kasil kanthi ngerteni urutane proses inferensi. Asile inferensi diolehake kanthi ngurutake proses inferensi. Atur puji pangalembana minangka tindak tutur ilokusi sing asipat ekspresif, mula kanggo nggoleki inferensine kudu ngerteni urutane proses inferensi lan bisa ngurutake proses inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kasebut.

Inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana bisa dipantha dadi loro yaiku urutane proses inferensi lan asile inferensi. Dene urutane proses inferensi lan asile inferensi bisa diprinci maneh. Urutane proses inferensi ana telu yaiku ngolah, menebake, lan mantepake. Urutane proses ngolah inferensi bisa dibagi dadi loro yaiku ngolah kanthi tematis, lan ngolah kanthi topikal. Urutane proses menebake inferensi bisa dibagi dadi loro yaiku menebake kanthi general, lan menebake kanthi spesial. Urutane proses mantepake inferensi bisa dibagi dadi loro yaiku mantepake kanthi similaritas, lan mantepake kanthi komparitas. Andharan kasebut bisa diringkes sajrone bagan ing ngisor iki.


**Bagan 4.2**  
**Urutane Proses Inferensi**



Asile inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana didhapuk kanthi ngerteni urutan proses inferensi saengga bisa diklompokake dadi rong asile inferensi yaiku dedhuktif lan indhuktif, bisa dirumusaké kaya bagan ing ngisor iki.

#### **Bagan 4.3**


##### **Asile inferensi Dedhuktif**



Asile inferensi dedhuktif bisa diweruhi kanthi urutan proses inferensi yaiku ngolah inferensi kanthi tematis, menebake inferensi kanthi general, lan mantepake inferensi kanthi similaritas.

#### **Bagan 4.4**

##### **Asile Inferensi Indhuktif**



Asile inferensi indhuktif bisa diweruhi kanthi urutan proses inferensi yaiku ngolah inferensi kanthi topikal, menebake inferensi kanthi spesial, lan mantepake inferensi kanthi komparitas.

#### **Dhiskusi Asile Panliten**

Kanggo nggoleki inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana, kudu ngerti urutan proses inferensi. Mula, inferensi dionceki adhedhasar urutan proses inferensi lan asile inferensi. Urutane proses inferensi bisa dibagi dadi telu yaiku ngolah, menebake, lan mantepake. Ngolah sajrone urutan proses inferensi bisa diprinci dadi loro yaiku ngolah kanthi tematis, lan ngolah kanthi topikal. Menebake sajrone urutan proses inferensi bisa diprinci dadi loro yaiku menebake kanthi general, lan menebake kanthi spesial. Mantepake sajrone urutan proses inferensi bisa diprinci dadi loro yaiku mantepake kanthi similaritas, lan mantepake kanthi komparitas. Dene asile inferensi bisa diklompokake dadi loro, yaiku dedhuktif lan indhuktif. Asile inferensi dedhuktif bisa diweruhi kanthi urutan proses ngolah inferensi kanthi tematis, menebake inferensi kanthi general, lan mantepake inferensi kanthi similaritas. Asile inferensi indhuktif bisa diweruhi kanthi urutan proses ngolah inferensi kanthi topikal, menebake inferensi kanthi spesial, lan mantepake inferensi kanthi komparitas. Adhedhasar andharan kasebut, panliten iki beda karo panliten sing sadurunge. Durung ana sing niliti inferensi adhedhasar urutan proses inferensi lan asile inferensi.

Dene panliten ngenani inferensi ing bab wacana, tuladhane kaya panlitene Utami (2012) kanthi judhul “Inferensi dalam Wacana Spanduk dan Baliho Bahasa Jawa di Yogyakarta”, ngandharake ngenani wujud tuturan, fungsi tuturan, lan jinise inferensi sing ana loro yaiku langsung lan ora langsung. Dene Panliten sing ditindakake

dening Ardani, (2017) kanthi judhul “Inferensine Pamaca Marang Rubrik “Nyekakak Sik, Aaaah” Kalawarti Jaya Baya Edhisi 31 Minggu V Maret 2014”, ngandharake jinis wujud pola inferensi sing digunakake dening pamaca winasis lan pamaca umum. Panliten kasebut beda karo panliten iki. Panliten iki luwih mligi ing tindak tutur sing ngango dhata primer yaiku ukara-ukara sing ngandhut inferensi sajrone tindak tutur ilokusi pangalembana, proses inferensi diteliti adhedhasar urutan proses lan asile inferensi.

Panliten ngenani atur puji wis tau ditindakake panliti manca, yaiku Holmes (1986), Guo, Zhou lan Chow (2012), lan ing Indonesia yaiku Arimi (1998), Mukminatien lan Patriana (2005), lan Muhammad Ridha D.S (2009). Panliten iki uga nyambungake anane sesambungan status sosial antarane panutur lan mitratutur sajrone ngaturake puji pangalembana lan ngrespon pangalembana. Guo, Zhou lan Chow (2012) nindakake panliten kanthi irah-irahan “A Variationist Study of Compliment Responses in Chinese”. Panliten iki munjer ing strategi ngrespon pepujen sing ditindakake saperangan golongan tutur ing Shanghai kanthi anane owah-owahan konsep kesopanan basa. Respon pangalembana disangkutake karo variasi sosial wiwit saka jinis kelamin, umur, status sosial, pendhidhikan, kelas sosial, jarak sosial, lan anane panganggone basa Inggris. Panliten ngenani pamuji ing Indonesia tau ditindakake Muhammad Ridha D.S (2009) sajrone tesise kanthi irah-irahan “Makian dan Pujian dalam Ragam ‘Amiyyah Mesir’. Asil panliten nuduhake yen wujud pepujen ngupengi wujud tembung, frasa, klausa, lan ukara. Dene fungsi pepujen yaiku kanggo nuduhake rasa seneng, rasa gumun, rasa intim lan paseduluran, rasa sayang, rasa seneng, lan rasa pakurmatan. Panliten ngenani respon pepujen ditindakake Mukminatien lan Ptrana (2005) kanthi irah-irahan “Respon Pujian dalam Bahasa Indonesia oleh Dwibahasawan Indonesia-Inggris”, respon pepujen dwibahasawan Indonesia-Inggris wis nuduhake tandha-tandha bikultural. Saka saperangan panliten ngenani atur puji kasebut ngandharake ngenani wujud, fungsi, lan respon pepujen sing disambungake karo status sosial antarane panutur lan mitratutur. Panliten iki uga njlentrehake wujud, fungsi, lan respon pangalembana kanthi nyambungake anane konteks lan sesambungan sosial antarane panutur lan mitra tutur, nanging luwih mligi ing panganggone basa Jawa. Mula panliten iki njangkepi panliten sadurunge sing ngenani atur puji.

#### **BAB V**

#### **DUDUTAN LAN PAMRAYOGA**

Isine bab V diperang dadi loro, yaiku (1) dudutan, lan (2) pamrayoga, diandharake ing ngisor iki.

##### **Dudutan**

Adhedhasar asil lan dhiskusine panliten ing bab IV bisa dingerteni yen inferensi bisa dumadi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Panliten iki nemokake proposisi ngenani inferensi lan



tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana ing ilmu semantik pragmatis. Inferensi ing semantik pragmatis, mujudake panampane mitratutur marang apa kang dituturake panutur. Mitratutur dadi punjer amarga ngalami proses mikir apa kang dadi maksud lan kekarepane panutur, saengga ngasilake dudutan saka tuturane panutur. Pacaturan antarane panutur lan mitratutur kang kalebu tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana bisa diidentifikasi kanthi landhesan konteks, struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial.

Inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana diperang adhedhasar urutanane proses inferensi, lan asile inferensi. Saka urutanane proses, asile panliten iki ana 6 jinis inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana kanthi rincian 2 jinis diperang adhedhasar ngolah, 2 jinis adhedhasar menebake, lan 2 jinis adhedhasar mantepake. Asile inferensi dedhuktif, bisa diolahake saka ngolah kanthi tematis, menebake kanthi general, lan mantepake kanthi similaritas. Dene asile inferensi induktif bisa diolahake saka ngolah kanthi topikal, menebake kanthi spesial, lan mantepake kanthi komparitas.

### **Pamrayoga**

Panliten iki isih akeh kang durung diteliti kanthi jero. Ing kene panliti rumangsa isih akeh kurange. Mula saka kuwi, diajab ana ing panliten sabanjure bisa diteliti luwih jangkep, supaya panliten ngenani semantik pragmatis kanthi topik inferensi sajrone tindak tutur ilokusi atur puji pangalembana iki bisa luwih jembar. Saliyane iku, diprayogakake panliten sabanjure bisa ngliti bab kasebut. Panliti nduweni pangarep-arep anane panyaru sing asipat mangun supaya panliten ngenani topik iki bisa luwih apik.

### **KAPUSTAKAN**

- Alwasilah, A. Chaedar. 1993. *Beberapa Madhab dan Dikotomi Teori Linguistik (cetakan pertama)*. Bandung: Angkasa.
- Alwasilah, A. Chaedar. 2005. *Pokoknya Menulis*. Cetakan Pertama. Bandung: PT. Kiblat Buku.
- Aminuddin. 2015. *Semantik Pengantar Studi tentang Makna*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Arikunto S, 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Edisi Revisi VI. Jakarta: Penerbit Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Cummings, Louise. 1999. *Pragmatics, A Multidisciplinary Perspective*. New York: Oxford University Press. *Terjemahan*. Ibrahim, Abdul Syukur (editor). 2007. *Pragmatik: Sebuah Perspektif Multidisipliner*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Cummings, Louise. 2007. *Pragmatik: Sebuah Perspektif Multidisipliner*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik*. Bandung: PT Eresco.
- Grice, H. Paul. 1975. *Logic and Conversation dalam Darvis S; Pragmatics: A Reader*. New York: Oxford University Press.
- Gunarwan, Asim. 1994. *"Kesantunan Negatif di Kalangan Dwibahasawan Indonesia-Jawa di Jakarta"* dalam *PELBA 7*. Jakarta: Unika Atmajaya Press.

- Gunarwan, Asim. 2004. *Dari Pragmatik ke Pengajaran Bahasa (Makalah Seminar Bahasa dan Sastra Indonesia dan Dhaerah)*. Singaraja: IKIP Singaraja.
- Ibrahim, Abd. Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Ibrahim, Abdul Syukur. 2004. *Panduan Penelitian Etnografi Komunikasi*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Indah, Nur Rohmani. 2008. *Psikolinguistik konsep & isu umum*. Malang: UIN-Malang Press.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Fungsi Bahasa dan Sikap Bahasa: Struktur Sosial dan Variasi Bahasa*. Flores: Nusa Indah.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik. (Teri) M. D. D. Oka*. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Levinson, Stephen. 1991. *Pragmatics*. Melbourne Sydney: Cambridge University Press.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT. Rajagrafindo Persada.
- Mey, Jacob L. 1994. *Pragmatics: An Introduction*. Oxford UK & Cambridge USA: Blackwell.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana Teori, Metode dan aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nababan dan Sri Utari Subyakto, dkk, 1992. *Psikolinguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- OFM, Lanur Alex. 1983. *Logika Selayang Pandang*. Yogyakarta: Kanisius.
- Rahardi, Kunjana. 2003. *Berkenalan Dengan Ilmu Bahasa Pragmatik*. Malang: Dioma.
- Rahardi, R. Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Rani, Abdul. Bustanul Arifin, Martutik. 2006. *Analisis Wacana Sebuah Kajian Bahasa dalam Pemakaian*. Malang: Banyumedia Publishing.
- Solso, L. Robert. 2008. *Psikologi Kognitif Edisi Kedelpan*. Jakarta: Erlangga.
- Sudaryanto. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana.
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Penerbit Angkasa.
- Titscher, Stefan. 2009. *Metode Analisis Teks dan Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Yule, George. 2014. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.

### **KAPUSTAKAN KAMUS**

- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik (edisi ketiga)*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Baoesastra Djawi*. Jakarta: Noordhof Kolfn N.V.
- Poerwadarminta, 1978. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Sudaryanto, dkk. 1991. *Kamus Indonesia-Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.